Qaraqalpaqstan Respublikası Taxtakópir rayonı HÁKIMINIŃ SHESHIMI		Qoraqalpog'iston Respublikasi Taxtako'pir tumani HOKIMINING QARORI
Taxtakópir rayonı		Taxtako'pir tumani

№ 329 **31 - май 2021-жыл**

Тахтакөпир районы ҳәкиминиң ескирген ҳәм өз әҳмийетин жойтқан норматив түстеги шешимлерине өзгерис киргизиў ҳәм де өз күшин жойытқан деп табыў (бийкар етиў) ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өз әҳмийетин жойытқан нызамшылық ҳүжжетлерин қайта көрип шығыў системасын әмелге асырыў ҳаққында»ғы 2020-жыл 27-сентябрьдеги ПП-6075-санлы Пәрманының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Өзбекстан Республикасының «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 6 ҳәм 25-статьяларына тийкарланып

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 27-сентябрьдеги ПП-6075-санлы Пәрманында 2021-жыл 1-июньға шекем жергиликли хызметлик ҳәкимият уйымларының ескирген ҳәм өз әҳмийетин жойытқан норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерин бийкар етиў шараларын көриў белгиленгенлиги инабатқа алынсын.

2. Район ҳәкимлиги тәрепинен қабыл етилген, ескирген ҳәм өз күшин жойытқан норматив түстеги шешимлер 1-қосымшаға муўапық ҳәм Район ҳәкиминиң өзгерис киргизилип атырған айырым шешимлери 2-қосымшаға муўапық, өз күшин жойтықан ҳәм өзгертилген деп есаплансын.

3. Шешим Халық депутатлары Тахтакөпир районлық кеңесиниң гезектеги сессиясына тастыйықлаў ушын усынылсын.

4. Тахтакөпир районы ҳәкимлигиниң мәлимлеме хызмети баслығы Г.Давлетмуратоваға шешимди ҳәкимликтиң веб сайтына жайластырыў ҳәм «Тахтакөпир таңы» газетасында жәриялаў тапсырылсын.

5. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

6. Шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Д.Жанабаевқа тапсырылсын.

Тахтакөпир районы ҳәкими **Ж.Адилов**

KO'SHIRMESI DURIS

Тахтакөпир районы
ҳәкиминиң 2021-жыл
«31»май күнги
329-санлы шешимине
1-қосымша

Район ҳәкиминиң өз күшин жойытқан деп есапланып атырған айырым шешимлериниң

Д И З И М И

1. «Районда социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда кыйналатуғын шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў ҳаққында»ғы 2012-жыл 28-декабрьдеги 406-санлы шешими.

2. «Районда «2014-жыл ушын мал-мүлк, жер ҳәм жер ресурсларынан пайдаланылғанлығы ушын салық төлеўши шахсларды есапқа алыў, оларға салықларды есаплаў ҳәм жеңилликлерди қоллаў ҳаққында»ғы 2014-жыл 10-февральдағы 49-санлы шешими.

3. «Районда күнделикли турмыслық шығындыларды жыйнаў ҳәм белгиленген орынларға шығарып таслаў ушын тариф муғдарларын белгилеў ҳаққында»ғы 2014-жыл 1-июльдағы 219-санлы шешими.

4. «Райондағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунтлериниң әсбап үскенелерин техник көриктен өткериў ҳаққында»ғы 2019-жыл 8-февральдағы 180-санлы шешими.

5. «Районда корона вирус инфекциясы таралыўының алдын алыўға қаратылған қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы 2020-жыл 11-апрельдеги 420-санлы шешими.

Тахтакөпир районы
ҳәкиминиң 2021-жыл
«31» май күнги
329-санлы шешимине
2-қосымша

Район ҳәкиминиң өзгерис киргизилип атырған айырым шешимлериниң
Д И З И М И

1. Район аймағында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққындағы 2015-жыл 21-февраль күнги 65-санлы шешиминиң 2-бәнтиндеги 3.24 «жоқары тезлик шекленген (50 км/саат)» жол белгиси сөзи шығарып таслансын

2. «Район Дийхан базары аймағында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында»ғы 2015-жыл 30-сентябрь күнги 293-санлы шешиминиң 2-бәнти Тахтакөпир районы орайындағы жайласқан Дийхан базары аймағына киретуғын еки тәрептеги Бердақ ҳәм Тахтакөпир-Мүлк асфальт жолы бойларына 3.1 (кириў қадаған) жол белгилери орнатылсын деп өзгертилсин.